



BUPATI WONOSOBO

PAMEDHAR SABDA BUPATI WONOSOBO ING ADICARA BEDHOL KEDHATON PLOBANGAN SELOMERTO AMBAL WARSA KAPING-200 WONOSOBO

RABU MANIS, 23 JULI 2025

**Assalamu'alaikum Warohmatullahi Wabarokatuh,
Sih Tentrem Rahayu Saking Gusti Inggang Moho
Agung, mugi tansah kasanding tuwin kasandang ing
jiwanggo panjenengan sedoyo lan kulo sumrambah
sagung dumadi widodo niskolo satemah lulus raharjo.**

- Poro sesepuh pinisepuh inggang kinabekten.
- Inggang kinurmat Wakil Bupati Wonosobo.
- Poro Jajaran Forum Koordinasi Pimpinan Daerah Kabupaten Wonosobo inggang Sinudarsono.
- Sekretaris Daerah sinartan poro Asisten Sekda lan poro Pimpinan Perangkat Daerah Kabupaten Wonosobo inggang winengku ing karahayon.
- Camat Selomerto dalah Jajaran Forkopimca soho Perangkat Desa Plobangan, Poro Perangkat Desa ing sakiwa tengen Desa Plobangan inggang sinanding karaharjan.

- Kepala Sekolah SMP Negei 1 Selomerto, Kepala Sekolah SD Negeri Plobangan, Kepala Sekolah TK Pelita Bakti miwah jajaran guru tuwin sanggyaning tamu sinedhahan ingkang bagyo lan mulyo.

Pinurwakan kanthi atur Puja Puji syukur konjuk dhumateng Gusti Inggang Maha Asih, Dzat Ingkang Maha Tunggal, awit paringipun Anubowo tanpo tanding awujud Karahmatan miwah Hidayahipun kacakup wastro miwah bogo satemah panjenengan sedoyo lan kulo kapareng pepanggihan ing kalodhangan meniko, kanthi winengku ing kawilujengan rinonce ing bagaskwarasan.

Poru tamu ingkang winantu kawilujengan.

Datan rinoso wekdal lumaku manggilingan pindhane Basundoro hangiteri Bagaskoro kang tanpa kendhat temahan sansaya nambah ngumur Kabupaten Wonosobo sampun dungkap 200 (*kalih atus*) tahun, kinaryo damel mongkog lan bombong kangge kulo pribadhi, bilih Pengetan Ambal Warso Kabupaten Wonosobo wekdal meniko saget nglajengaken tradisi lan ngelingaken labuh labet kusumo bongso ingkang sampun bubak lan bebodro projo, kanthi ngadani Ziarah Makam.

Meniko momen ingkang istimewa murih kulo lan panjenengan sedoyo tansah ngonjukaken raos syukur dhumateng Gusti Inggang Moho Agung lan mongkog ugi

kinaryo kocobenggolo utawi saronu refleksi kangge kulo lan panjenengan sedoyo babagan pambudidoyo ingkang sampun kalampah, mesisan kinaryo wujuding pambudidoyo ingkang badhe kalampah sagedo migunani lan murakabi dhumateng Pabrayan Agung Wonosobo ing tembene.

Salah setunggaling wujud pakurmatan dhumateng sujarah lan kearifan lokal tilaran poro leluhur lumantar **upocoro adat “Bedhol Kedhaton”**, ingkang dados bagian sakral ing rerangken pengetan ambal warso. Satemah, tata upocoro meniko boten namung pahargyan budoyo kemawon, hananging nggadahi teges historis ingkang lebet lan luhur inggih meniko mengeti boyongan punjering pamarentahan saking Plobangan dumugi Wonosobo ingkang sakmeniko.

Bedhol Kedhaton kinaryo simbol transformasi lan purwakaning kangge Wonosobo murih ngremboko minongko punjering pamarintahan lan kabudayaan. Pramilo lumantar nglestunaken tradisi adat meniko minongko wujuding bombong bingahing manah kulo lan panjenengan sedoyo dhumateng landhesaning kapribadhen masyarakat ingkang unggul, hanjiwo budoyo miwah ngormati piwulang poro leluhur.

Para tamu sinedhahan miwah sagung wargo ingkang bagyo lan mulyo,

Ing momentum kalih abad meniko, sampun sakmestipun maneko warni budoyo lan tradisi Wonosobo

dados peranganing doyo kekuatan ingkang ageng kangge mangun karakter daerah ingkang sentoso, nggadahi ciri wanci lan berdaya saing.

Gumebyaring Wonosobo dinten meniko datan uwal saking warisan poro leluhur kadosto “Bedhol Kedhaton”, pamundhutan tirta suci saking pitung sumber sarto prosesi Pasrah Tampi Panji lan Pusoko Projo. Sedoyo prosesi kolo wau kinaryo piwulang dhumateng kulo lan panjenengan sedoyo murih nuwuhaken sucining tekad, sucining sedyo, sentosaning gotong royong minongko lelandhesaning ngabdi murih maju lan unggul ing samudayanipun.

Langkung saking meniko, panjenengan sedoyo lan kulo nggadahi tanggung jawab moral kangge nerasaken labuh labet poro leluhur mangun miwah jogo Wonosobo, babarpisan hanggelar plataran jembar kangge nguri uri budoyo asli daerah, ingkang wekdal sakmeniko kalirwakaken dening poro generasi mudo tumaruno.

Ing wekdal sakmeniko boten badhe selak miwah nyelaki lajuning teknologi informasi, saestu nggampilaken lan mayaraken nanging, ing suwaliking ugi nuwuhaken tantangan utawi pacoban ingkang antawisipun lunturing roso nasionalisme lan patriotisme, sarto lunturipun piwulang kang luhur ing kabudayan awit mlebetipun ideologi utawi budoyo asing ingkang boten trep kangge mangun jati dhiri bongso.

Sagung wargo miwah tamu sinedhahan ingkang kinurmatan,

Kalih abad Wonosobo kedah damel mongkog bingahing manah sesarengan,awit kasiling anggen nglestantunaken warisan budoyo minongko doyo kekuatan kiprah ing pembangunan. Jumbuh kalayan sesanti Ambal Warso kaping 200(*kalih atus*) Kabupaten Wonosobo **“Dwi Abad Wonosobo, Kukuh ing Tembayatan, Unggul ing Samukawis, Tumuju Wonosobo Raharjo, Adil, lan Makmur”**, ingkang dados landhesan sinergi antawis pamarintah lan masyarakat, kangge mawujudaken boten namung budoyo ingkang endah hananging adil ing tataran sosial masyarakat, waradin ing pembangunan miwah makmuring Wonosobo.

Kanthi meniko, langkung sae lan trep menawi Pengetan Ambal Warso minongko kocobenggolo kangge kulo lan panjenengan sedoyo anggen budidoyo minongko juru ladhi ing pabrayan agung sagedo miguna, migunani lan murakabi dhumateng sedoyo masyarakat Wonosobo.

Kathah pawadan kangge panjenengan sedoyo lan kulo Ngormati, Nresnani miwah Ngrembakaaken Tradisi Lokal ingkang kathah mangku piwulang lan tulodho ingkang sae kangge poro generasi mudho.


Sanggyo wargo miwah tamu sinedhahan ingkang kalinggo kawilujengan,

Sampun samestinipun Pengetan Ambal Warso minongko pangiling iling lan doyo kekuatan kangge kulo lan panjenengan sedoyo, tansah nglestantunaken lan ngrembakaaken doyo guno ingkang kadarbeni sarto nglajengaken labuh labet poro leluhur, ngisi wekdal panjenengan sedoyo lan kula kanthi karyo kang miguno lan murakabi, mangun lan damel maju sawenehing projo kang dipun tresnani tartamtu betahaken sinergitas sedoyo elemen masyarakat. Monggo sareng sareng manunggalaken sedyo, nyawijekaken karso kangge Wonosobo ingkang unggul, maju lan raharjo.

Makaten ingkang saget kulo aturaken kathah lepat atur nyuwun agunging aksama.

Matur nuwun, Wasana

Wassalamu'alaikum Warohmatullahi Wabarokatuh.

**BUPATI WONOSOBO**
**AFIF NURHIDAYAT, S.Ag**